



KISA PLON YE?

POU KISA SE YON

PWOBLÈM KI GRAV?

Bank lokal sa yo sipòte jefò Vil la pou fè plis kay nan Cambridge vin pa gen danje akòz plon epi pou yo pare pou bay prè pou aplikan yo ki kalifye kapab fè travo rediksyon plon.



Cambridge Trust Company



PWOTEJE

FANMI OU

KONT ANPWAZÒNMAN

AK PENTI KI GEN

PLON LADANN

Pou jwenn plis enfòmasyon osijè Lojman ki pa gen danje ak plon, tanpri al gade nan www.cambridgema.gov



Plon se yon metal ki toksik yo te konn itilize pandan anpil lane nan penti, gazolin ak plonbri. Li trè danjre pou timoun ki gen mwens pase 6zan, poutèt plon an ka antre pi fasil nan san yo epi li akimile nan zo ak nan ògann entèn yo.

Menmsi timoun yo vale yon ti kantite penti ki gen plon k ap detache, sa gendwa domaje sèvo timoun k ap devlope ansanm ak lòt ògann toujou, Timoun ki anpwazòn ak plon gendwa gen andikap nan aprantisaj yo ki pèmanan, pwoblèm konpòtman pou tout lavi, pwoblèm pou tande, reta nan devlopman ansanm ak lòt pwoblèm sante grav toujou.

Travay ki te sèvi kòm baz pou piblikasyon sa a te jwenn sipò finansman anba yon Antant Kooperativ avèk Depatman Etazini Lojman ak Devlopman Iben. Sibstans ak konklizyon travay la dedye pou piblik la. Otè ak editè se sèl moun ki responsab konsènan si deklarasyon ak entèpretasyon ki nan piblikasyon sa a kòrèk. Entèpretasyon sa yo pa reflete nesèsèman opinyon Gouvènman an.

KISA LWA

MASSACHUSETTS

POU PLON YE?

Konfòmeman ak lwa Massachusetts lan, kèlkeswa inite apatman oswa yon kay pou yon sèl fanmi ki gen yon rezidan ki gen mwens pase sis (6) zan ladann oblije sibi yon tretman pou retire plon, kèlkeswa nivo plon ki nan san timoun lan oswa si se pwopriyetè kay la ki rete ladann oswa yon lòt moun. Pwogram Prevansyon Anpwazònman ak Plon (CLPPP) Depatman Sante Massachusetts an defini tretman pou retire plon tankou yon pwosesis pou "elimine oswa rekouvri vyolasyon konsènan plon." Se pa tout penti ak plon yo dwe retire ni kouvri. Apre deplonbaj la fini, kay yo "san danje akòz plon", men yo pa "san plon."

DEPATMAN SANTE
PIBLIK CAMBRIDGE

Cambridge
Public Health
Department

www.cambridgepublichealth.org | Lead Safe Kids: 617-665-3831 (English)
617-665-3863 (Spanish/Portugues) | 119 Windsor St., Ground Floor Cambridge, MA 02139

- Pwogram Timoun san Plon "Lead-Safe Kids" fè pwogram konsyantizasyon ak edikasyon osijè anpwazònman plon ak opsyon pou redwi plon pou fanmi ki gen timoun ki gen mwens pase 6zan.
- Li ede fanmi yo pwograme enspeksyon, aplike pou finansman pou rediksyon plon epi pou chwazi yon kontraktè ki kapab fè travay rediksyon plon an.
- Li kowòdone entèvansyon yo depi li resevwa yon rapò konsènan pratik travay ki danjre ki voye pousyè ak mòso penti nan lakou vwazen yo oswa sou lòt pwopriyete yo.

CAMBRIDGE HUMAN
RIGHTS COMMISSION

www.cambridgema.gov/hrc | 617-349-4396 | 51 Inman Street, 2nd Floor Cambridge, MA 02139

- Li mete anplas Òdonans Vil la pou Lojman Ekitab lè fanmi ki gen timoun ki gen mwens ke 6zan ak fanmi ansent jwenn refi poutèt prezans penti ki gen plon ladann.
- CHRC pral ankete plent lan. Gratis. Yo p ap poze kesyon sou sityasyon imigrasyon Moun k ap pote plent lan.
- Plent yo gendwa baze sou:
 - » Refi pou lwe fanmi lojman an
 - » Refi pou renouvle kontra lokasyon yo lè fanm lan ansent
 - » Piblisite ki dekouraje lokatè yo akòz prezans plon
 - » Oryante lokatè potansyèl yo vè lòt pwopriyete
 - » Reprezay si lokatè a mande pou yo fè travo rediksyon plon
- Rekou si yo detekte diskriminasyon: Egzije deplonbaj Inite an/Egzije Pwopriyetè ak Ajan Imobilye an jwenn fòmasyon/ Konpansasyon pou domaj

DEPATMAN SÈVIS
ENSPEKSYON
CAMBRIDGE

CAMBRIDGE • ISD

www.cambridgema.gov/inspection | 617-349-6100 | 831 Massachusetts Avenue. Cambridge MA 02139

- Li ofri tès pou evalye nivo plon ki nan inite lojman ki lwe yo te konstwi anvan 1978 kote timoun ki gen mwens pase 6zan oswa fanm ansent abite. Tès pou detekte nivo plon egzamine inite lojman yo k ap bezwen yon enspeksyon konplè pou detekte plon.
- Li enfòme Pwogram Prevansyon pou Timoun kont Anpwazònman Kont Plon (CLPPP) Eta a si gen inite lojman ki bezwen yon enspeksyon konplè. Depatman an kowopere ak CLPPP pou mete règ yo anplas.
- Li bay Divizyon Massachusetts Pou Sekirite Okipasyonèl (Massachusetts Division of Occupational Safety - DOS) referans lè yo sispèk gen pratik rediksyon plon ki pa kòrèk nan lojman yo te konstwi anvan 1978.